

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Elijiblite Pwolonje pou Medicaid pou Moun K ap Travay (Seksyon 1619(b))



Sa k ap pase pou Medicaid mwen si mwen al travay?

Nan pifò ka yo, si w enfim oswa avèg, kèlkeswa laj ou, epi ou gen Medicaid anvan w al travay, Medicaid ou ap kontinye pandan w ap travay la toutotan ou toujou nan kondisyon enfimite a.

Si benefis SSI mwen sispann akòz kantite lajan m ap touche, èske mwen toujou ka kontinye jwenn Medicaid?

Nan pifò ka yo, ou ka kontinye Medicaid ou menm si w touche twòp lajan pou resevwa yon benefis SSI pa mwa toutotan:

- ▶ ou toujou enfim oswa avèg; epi
- ▶ ou satisfè tout kondisyon elijiblite SSI, sof pou kantite lajan w ap touche; epi
- ▶ ou te elijib pou resevwa yon peman SSI regilye an kach pandan omwen yon mwa anvan w te vin elijib dapre Seksyon 1619 Lwa sou Sekirite Sosyal; epi
- ▶ ou te elijib pou pwoteksyon Medicaid nan mwa anvan w te vin elijib anba Seksyon 1619; epi
- ▶ ou ka kontinye ap resevwa Medicaid pou w ka travay; epi
- ▶ ou pa touche ase lajan pou ranplase benefis SSI ou an kach, benefis Medicaid ou, ak swen pèsonèl oswa swen leta finanse oswa swen apa ki ta ka pèdi akòz salè ou.

Kantite selon Leta

Kantite lajan ou ka touche epi ou ka toujou resevwa Medicaid pa menm nan chak Eta. Nou ka di w kisa akantite a ye nan Eta kote w ap viv la oswa ou ka ale nan wèbsayt, Continued Medicaid Eligibility (Section 1619(B)).

Si salè ou pi plis pase kantite sa a, men ou genyen depans spesyal pou travay ou oswa depans medikal, ou ka toujou kalifye pou Medicaid.